

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ANVIWONMAN FIZIK SYANS LATÈ

Mèkredi, 23 Janvye, 2008 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

Sa a se yon egzamen sou konesans ou nan Syans Latè. Itilize konesans sa a pou ou reponn tout kesyon ki nan egzamen an. Yo ba ou *Tablo Referans Syans Latè* yo apa. Ou kapab bezwen *Tablo* sa yo pou ou reponn sèten kesyon. Ou dwe sèten ou gen *edisyon 2001 (ki revize nan mwa Novanm 2006)* tablo referans yo avan ou kòmanse egzamen an.

Dènye paj egzamen an se fèy repons pou pati A ak pati B-1 nan liv sa a. Ale nan dènye paj la, pliye li sou liy ki pwentiye a, epi detache fèy repons lan dousman ak anpil prekosyon. Ansuit bay enfòmasyon yo mande nan antèt fèy egzamen an.

Ou dwe ekri repons pou kesyon ki nan pati B-2 ak pati-C a nan liv repons yo bay apa a. Pa bliye ranpli antèt ki sou kouvèti liv repons lan.

Swiv esplikasyon yo bay nan liv egzamen an pou ou reponn *tout* kesyon ki genyen nan tout pati egzamen sa a. Ekri repons pou kesyon nan Pati A ak kesyon chwa miltip nan Pati B-1 yo nan fèy repons ou te detache a. Ekri repons pou kesyon ki nan Pati B-2 ak kesyon nan Pati C yo nan liv repons lan. Ou dwe sèvi ak plim pou ou ekri repons yo, men ou dwe sèvi ak kreyon pou ou trase graf oubyen pou ou fè desen. Ou gen dwa itilize papyè bouyon pou ou chèche repons kesyon yo, men ou dwe ekri tout repons yo nan fèy repons lan ak nan liv repons lan.

Lè ou fin fè egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki anba fèy repons lan. Deklarasyon ou siyen an vle di ou pa t genyen kesyon yo ak repons yo alavans, ou pa t bay poul, ou pa t pran poul nan egzamen an. Nou pap pran fèy repons ou an ni nou pap pran liv repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

Atansyon. . .

Lekòl la dwe genyen kalkilatris senp oubyen kalkilatris syantifik, ak *Edisyon 2001 Tablo Referans Syans Latè (ki revize nan mwa Novanm 2006)* ki disponib pou elèv yo itilize lè y ap pran egzamen an.

Itilizasyon aparèy kominikasyon entèdi pandan egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.


PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.

Pati A

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (1–35): Pou *chak* deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe ou a *nimewo* mo oubyen ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an. Genyen kèk kesyon ki ka mande pou sèvi ak *Tablo Referans Syans Latè yo*.

- 1 Yon faktè ki responsab fòs atraksyon gravitasyonèl ant yon planèt ak Solèy la se
 - (1) degre enklinezon aks planèt la
 - (2) distans ant planèt la ak Solèy la
 - (3) peryòd wotasyon planèt la
 - (4) kantite ensolasyon Solèy la bay
- 2 Ki planèt ki sitiye anviwon dis fwa pi lwen Solèy la pase distans Latè ye ak Solèy la?
 - (1) Mas
 - (2) Jipitè
 - (3) Satin
 - (4) Iranis
- 3 Gwo twou yo rele kratè yo jwenn sou Latè a sipòte ipotèz evennman ki gen konsekans yo te lakòz
 - (1) yon rediksyon kantite tranblemanntè ak yon ogmantasyon nivo lanmè a
 - (2) yon ogmantasyon radyasyon solè ak yon rediksyon nan radyasyon Latè
 - (3) deplasman limyè ki sòti nan etwal ki lwen yo pou ale nan koulè wouj la ak deplasman limyè ki sòti nan etwal ki pre yo pou ale nan koulè ble a
 - (4) fòm ki gen lavi yo disparèt an mas ak chanjman nan klima global
- 4 Ki dediksyon laj sistèm solè nou an genyen, an milyon lane?
 - (1) 544
 - (2) 1300
 - (3) 4600
 - (4) 10,000
- 5 Kouch anba tè ki kenbe dlo a monte òdinèman lè gen
 - (1) yon rediksyon nan kantite enfiltrasyon
 - (2) yon rediksyon nan kantite sifas ki gen plant sou li
 - (3) yon ogmantasyon kantite presipitasyon
 - (4) yon ogmantasyon wotè pant tè a
- 6 Kisa ki lakòz efè Koryolis la?
 - (1) enklinezon Latè sou aks li
 - (2) wotasyon Latè sou aks li
 - (3) mouvman òbital Lalin nan ozalantou Latè
 - (4) mouvman òbital Latè ozalantou Solèy la
- 7 Ki imidite relativ ki genyen lè tanperati tèmomèt boul sèch la 16°C ak lè tanperati tèmomèt boul imid la 14°C?
 - (1) 90%
 - (2) 80%
 - (3) 14%
 - (4) 13%
- 8 Ki enstriman tanperati yo sèvi pou mezire vitès van an?
 - (1) anemomèt
 - (2) jiwèt
 - (3) sikomèt
 - (4) tèmomèt
- 9 Yo montre yon modèl estasyon meteyolojik anba a.







029


Ki presyon bawometrik modèl estasyon an montre?

 - (1) 0.029 mb
 - (2) 902.9 mb
 - (3) 1002.9 mb
 - (4) 1029.0 mb
- 10 Depi mouvman lè a monte nan atmosfè a li lakòz tanperati lè sa a
 - (1) bese epi vin pre tanperati kondansasyon an
 - (2) bese epi vin pi lwen tanperati kondansasyon an
 - (3) ogmante epi vin pre tanperati kondansasyon an
 - (4) ogmante epi vin pi lwen tanperati kondansasyon an

11 Ki graf anba a ki byen montre eksantrisite òbital planèt yo nan sistèm solè nou an?



12 Dyagram anba a montre Latè nan obit li ozalantou Solèy la. Pozisyon A, B, C ak D reprezante Latè nan kòmansman chak sezon.




(Li pa desine sou yon echèl)

Nan ki pozisyon Latè ki reprezante ak lèt yo Eta New York fè eksperyans premye jou ete a?

- (1) A
- (2) B

- (3) C
- (4) D

- 13 Koup transvèsal anba a montre yon kay sou plaj Lak Ontario nan mwa Out.



(Li pa desine sou yon echèl)

Nan ki kondisyon van an yo montre nan koup transvèsal la kapab pi posib pou pase?

- (1) a 2zè dimaten, pandan lè k ap pase sou tè a mezire 70°F epi lè k ap pase sou lak la mezire 80°F
 - (2) a 6zè dimaten, pandan lè k ap pase sou tè a mezire 70°F epi lè k ap pase sou lak la mezire 70°F
 - (3) a 2zè apremidi, pandan lè k ap pase sou tè a mezire 80°F epi lè k ap pase sou lak la mezire 70°F
 - (4) a 10zè aswè, pandan lè k ap pase sou tè a mezire 70°F epi lè k ap pase sou lak la mezire 72°F
- 14 Ki kalite sifas ki absòbe pi gran kantite enèji elektwomayetik nan Solèy la?
- (1) lis, klere, ak yon koulè pal
 - (2) lis, klere, ak yon koulè fonse
 - (3) di, plat, ak yon koulè pal
 - (4) di, plat, ak yon koulè fonse
- 15 Ki zòn nan Eta New York ki plis posib resevwa pi gran kantite nèj ivè lè sifas van an ap soufle sòti nan lwès oubyen nan nòdwès?
- (1) Vil New York
 - (2) Binghamton
 - (3) Oswego
 - (4) Plattsburgh
- 16 Pi gwo patikil yon kouran trennen lè l ap tonbe nan yon letan mezire 8 santimèt an dyamèt. Vitès minimòm kouran an apeprè
- (1) 100 sm/seg
 - (2) 200 sm/seg
 - (3) 300 sm/seg
 - (4) 400 sm/seg

- 17 Ki kouran oseyan ki mennen ale dlo cho li jwenn nan rejyon ekwatoryal Latè?

- (1) Kouran Brezil
- (2) Kouran Ginen
- (3) Kouran Falkland
- (4) Kouran Kalifòni

- 18 Tablo enfòmasyon anba a montre dansite kat echantiyon mineral diferan.

Tablo Enfòmasyon

Mineral	Dansite (g/sm ³)
korendon	4.0
galèn	7.6
ematit	5.3
kwatz	2.7

Yon elèv mezire ak presizyon mas yon echantiyon youn nan kat mineral yo ki se 294.4 gram epi volim li ki se 73.6 sm³. Ki echantiyon mineral elèv la te mezire?

- (1) korendon
- (2) galèn
- (3) ematit
- (4) kwatz

- 19 Ki mineral ki gen yon ekla metalik, ak yon tras nwa, epi ki se yon minrè fè?

- (1) galèn
- (2) mayetit
- (3) piwoksèn
- (4) grafit


- 20 Bòdi majorite plak litosferik gen karakteristik sa yo

- (1) oryantasyon mayetik ranvèse
- (2) dezentegrasyon radyoaktif rapid ki pa nòminal
- (3) anpil aktivite vòlkanik
- (4) vitès onn P yo ba epi vitès onn S yo wo


- 21 Konparab a ekòs kontinantal latè, ekòs oséyanik latè.

- (1) pi fen epi pi dans
- (2) pi fen epi mwens dans
- (3) pi di epi pi dans
- (4) pi di epi mwens dans


22 Nan ki seri wòch yo ekri non yo a ale ak kalite wòch la?




(1)



(3)




(2)



(4)


23 Kat topografik la anba a montre yon lak ak de rivyè.



Nan ki direksyon chak rivyè yo koule?

- (1) Rivyè Safi ak rivyè Ganèt koule nan lès.
- (2) Rivyè Safi ak rivyè Ganèt koule nan lwès.
- (3) Rivyè Safi koule nan lès epi rivyè Ganèt koule nan lwès.
- (4) Rivyè Safi koule nan lwès epi rivyè Ganèt koule nan lès.

24 Kat anba a montre pati nò fwontyè ant Plak Arabik la ak Plak Afriken an. Flèch yo montre direksyon parapò ak mouvman plak yo.



Ki kalite fwontyè plak yo jwenn nan Fay Jordan nan?

- (1) divèjan (3) konvèjan
(2) sibdiksyon (4) transfòmman

25 Yon estasyon sismograf te anrejistre a 7:32 p.m. premye onn *P* ki vini nan yon tranblemanntè ki te fèt nan yon distans 4000 kilomèt. Ki lè li te fè nan estasyon an lè tranblemanntè a fèt?

- (1) 7:20 p.m. (3) 7:32 p.m.
(2) 7:25 p.m. (4) 7:39 p.m.

26 Ki tanperati yo di ki egziste nan manto plastik Latè?

- (1) 2000°C (3) 5000°C
(2) 3000°C (4) 6000°C

27 Ki deklarasyon ki byen konpare onn sismik *P* yo ak onn sismik *S* yo?

- (1) Onn *P* yo ale pi vit pase onn *S* yo epi yo pase nan zòn likid Latè.
(2) Onn *P* yo ale pi vit pase onn *S* yo epi yo pa pase nan zòn likid Latè.
(3) Onn *P* yo ale pi dousman pase onn *S* yo epi yo pase nan zòn likid latè.
(4) Onn *P* yo ale pi dousman pase onn *S* yo epi yo pa pase nan zòn likid Latè.

28 Ki sekans laj jeolojik sifas soubasman ki sòti nan Ithaca, New York pou ale nan Watertown, New York?

- (1) Odovisyen, Takonik, Kanbriyen
(2) Odovisyen, Tètyè, Pleyistosèn
(3) Devonyen, Siliryen, Kanbriyen
(4) Devonyen, Siliryen, Odovisyen

29 Yon fanon ki se yon zo nan machwa balèn nan ki te gen anvan 200 gram kabòn-14 radyoaktif vin gen kounye a 25 gram kabòn-14 radyoaktif. Konbyen kabòn 14 mwatye lavi ki te pase depi balèn sa a te vivan?

- (1) 1 (3) 3
(2) 2 (4) 4





30 Ki evennman jeolojik ki te pase pandan menm peryòd jeolojik kote koray modèn nan oseyan Latè yo te parèt pou premye fwa?

- (1) Owojeni Grenville
(2) Owojeni Akadyen
(3) Entrizyon Palisades Sill
(4) fomasyon Delta Catskill la

31 Prezans fosil Eriptid yo nan soubasman Eta New York montre

- (1) eriptid yo te viv nan anviwonmanntè
(2) eriptid yo te premye parèt sou Latè pandan Peryòd Devonyen an
(3) majorite Eta New York te yon rejyon montay nan yon epòk
(4) kèk zòn nan Eta New York te kouvri ak lanmè ki pa fon


32 Ki sekans nan klasifikasyon fosil yo nan Eta New York ki montre nan ki lòd òganis yo te parèt sou Latè?



33 Fòm jeneral teren nan reyon Eta New York yo klase dapre

- | | |
|--|-------------------------|
| (1) estrikti soubasman ak elevasyon | (3) latitud ak lonjitid |
| (2) kalite soubasman ak klasifikasyon fosil yo | (4) klima ak topografi |


34 Pwen X se yon pozisyon sou kat topografik anba a. Yo mezire wotè yo an mètr.



Ki wotè posib, pwen X la, an mètr?

- | | |
|--------|--------|
| (1) 55 | (3) 68 |
| (2) 57 | (4) 70 |

35 Kat topografik anba a montre de mòn ki make ak lèt A epi B . Kouran yo ki make ak lèt X ak Y yo gen menm volim dlo.



Ki deklarasyon kat sa a pi byen sipòte?


- | | |
|-------------------------------------|---|
| (1) Mòn A a pi wo pase mòn B a. | (3) Kouran X la koule pi vit pase kouran Y la . |
| (2) Mòn B a pi wo pase mòn A a. | (4) Kouran Y la koule pi vit pase kouran X la. |

Pati B-1

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (36–50): Pou *chak* deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe ou a *nimewo* mo oubyen ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an. Genyen kèk kesyon ki kapab mande pou sèvi ak *Tablo Referans Syans* latè yo.

Sèvi ak kat anba a, ki reprezante yon kontinan yo imajine pou reponn kesyon 36 ak 37 yo. Pozisyon *A* ak *B* a nan direksyon opoze yon ranje montay nan yon planèt ki sanble ak Latè. Pozisyon *C* a nan ekwatè planèt la.




36 Lè yo konpare li ak klima nan pozisyon *A* a, klima nan pozisyon *B* a ap plis kapab

- | | |
|---------------------------|---------------------------|
| (1) pi cho epi pi imid | (3) pi fre epi plis imid |
| (2) pi cho epi mwens imid | (4) pi fre epi mwens imid |

37 Pozisyon *C* a pi posib fè eksperyans

- (1) presyon atmosferik ba epi presipitasyon ba
- (2) presyon atmosferik ba epi presipitasyon wo
- (3) presyon atmosferik wo epi presipitasyon ba
- (4) presyon atmosferik wo epi presipitasyon wo

Sèvi ak chema anba a, ki bay yon lide jeneral pwosesis yo ak sibstans yo ki rantre nan dezagregasyon wòch yo sou sifas Latè sibi pou reponn kesyon 38 jiska 40 yo. Lèt X la reprezante yon sibstans enpòtan ki nan toude kalite dezagregasyon prensipal yo, yo make yo nan chema a ak lèt A ak B. Yo defini anba chema a kèk pwosesis dezagregasyon.



Definisyon
Jele— lè wòch la kase akòz ekspansyon sibstans X la
Fwotman— lè wòch yo oubyen patikil yo fini amezi y ap fwote oubyen frape ak lòt wòch
Eksfolyasyon— lè gwo pati materyèl ki pa byen kole sou wòch la ap dekalè
Idwoliz— chanjman ki fèt nan yon materyèl akòz kontak ak sibstans X la
Kabonasyon— chanjman ki fèt nan yon materyèl akòz kontak ak asid kabòn

38 Ki tèm ki pi byen idantifye dezagregasyon A a reprezante?

- (1) fizik
- (2) byolojik
- (3) chimik
- (4) glasyal


39 Ki sibstans X reprezante nan toude bò chema a?

- (1) fèlspa potasyòm
- (2) lè
- (3) asid idwoklorik
- (4) dlo

40 Ki pwosesis dezagregasyon ou plis jwenn nan yon anviwonman ki cho, sèk?


- (1) fwotman
- (2) kabonasyon
- (3) jele
- (4) idwoliz

Sèvi ak kat anba a, ki montre zòn kote yo te fouye kèk mineral an gran kantite pandan lane 1989, pou reponn kesyon 41 jiska 44 yo.



- 41 Nan ki teren nan rejyon Eta New York yo te plis fouye ganèt?
- (1) Catskills (2) Montay Adirondack yo (3) Plato Tug Hill (4) Tè Plat Erie-Ontario yo
- 42 Ki sa yo fè plis ak mineral yo fouye nan dènye pwent sid de pi laj Lak Finger yo?
- (1) fè poud talk (2) vilkanizasyon kawoutchou (3) netwaye bijou (4) fonn glas
- 43 Jips ki te depoze nan Eta New York la te fòme
- (1) akòz eripsyon vòlkanik yo (2) akòz metamòfis (3) nan yon oseyan ki pa fon (4) nan yon plenn glasyal delave
- 44 Mineral wolastonit la gen yon fèmte 4.5 jiska 5. Ki mineral nan Eta New York la ki kapab grave wolasonit la fasil?
- (1) ganèt (2) sèl (3) talk (4) jips

Sèvi ak koup transvèsal anba a, ki montre yon ranje montay anba dlo nan Oseyan Atlantik la, pou reponn kesyon 45 ak 46 yo. Soubasman oseyanik la konpoze an majorite ak bazalt. Pwen X ak Y yo se lokasyon nan soubasman an ki te separe ak menm vitès la. De flèch yo montre mouvman Plak Nò Ameriken an ak Plak Erazi a.




(Li pa desine sou yon echèl)


45 Ki deklarasyon ki pi byen dekri laj ak oryantasyon mayetik bazalt yo te jwenn nan lokasyon X ak Y la?

- (1) Bazalt nan lokasyon X la pi jèn pase bazalt nan lokasyon Y la. Toude lokasyon yo gen menm oryantasyon mayetik.
- (2) Bazalt nan lokasyon X ak Y yo gen menm laj. Toude lokasyon yo gen menm oryantasyon mayetik.
- (3) Bazalt nan lokasyon X ak Y yo gen menm laj. Lokasyon X la gen yon oryantasyon mayetik nòmal epi lokasyon Y la gen yon oryantasyon mayetik ranvèsè.
- (4) Bazalt nan lokasyon X la pi ansyen pase bazalt nan lokasyon Y la. Lokasyon X la gen oryantasyon mayetik ranvèsè epi lokasyon Y la gen oryantasyon mayetik nòmal.


46 Ki koup transvèsal ki pi byen reprezante kote yo sipoze astenosfè, manto rijid ak manto di Latè ye?
 (Koup transvèsal la pa desinen sou yon echèl.)




(1)



(3)




(2)



(4)

Sèvi ak dyagram anba a ki reprezante ante trajektwa aparann Solèy la ak pozisyon Solèy midi pou yon obsèvatè ki nan 42 latitud N 21 desanm, 23 Septanm, ak 21 Jen pou reponn kesyan 47 jiska 50.




47 Nan ki direksyon solèy la ap leve le 21 Jen?

- | | |
|---------------------------|----------------------------|
| (1) nan nò direksyon lwès | (3) nan sid direksyon lwès |
| (2) nan nò direksyon lès | (4) nan sid direksyon lès |





48 Konbyen tan ki te pase ant lè solèy la leve ak lè solèy midi a le 23 Septanm?

- | | |
|-------|--------|
| (1) 6 | (3) 12 |
| (2) 8 | (4) 24 |

49 Ki dyagram ki pi byen montre pozisyon *Etwal Polè* a dapre obsèvatè a?



50 Ki graf ki pi byen montre altitud Solèy la, jan yon obsèvatè ki nan 42° N wè li, plizyè fwa le 21 Desanm?




Pati B-2


Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (51–65): Ekri repons ou yo nan espas yo bay nan ti liv repons ou an. Genyen kèk kesyon ki kapab mande pou sèvi ak *Tablo Referans Syans Latè* yo.

Sèvi ak dyagram an blòk ki anba a, ki montre karakteristik yon peyizaj nan yon zòn nan ekòs Latè pou reponn kesyon 51 jiska 53. De kouch wòch sedimantè, make ak lèt *A* ak *B* nan dyagram nan. Yo pa mete senbòl wòch nan kouch *B* a.



- 51 Idantifye mineral ki pi plis nan kouch wòch *A* a. [1]
- 52 Dekri kòman twou yo te fòme nan kouch wòch *A* a. [1]
- 53 Graf anba a montre gwosè patikil ki konpoze woch sedimantè klastik nan kouch *B* a.



Nan bwat ki nan *ti liv repons ou a*, desinen yon kat ak senbòl nan *Tablo Referans Syans Latè* ki reprezante kouch wòch *B* a. [1]


Sèvi ak tablo anba a, ki bay lis pozisyon kèk tranblemanntè, mayitid yo sou echèl Richter ak lane yo te pase, pou reponn kesyon 54 jiska 56 yo.

Tablo Enfòmasyon

Lokasyon	Manyitid Richter	Lane
San Francisco, Etazini	7.8	1906
Messina, Itali	7.5	1908
Tokyo, Japon	8.3	1923
San Francisco, Etazini	7.1	1989

54 Ki enfòmasyon syantifik yo itilize pou bay manyitids tranblemanntè yo san yo pa ale sou teren an? [1]


55 Yo montre pozisyon tranblemanntè yo ki nan tablo a nan kat anba a.



Eksplike kòman lokasyon tranblemanntè sa yo gen rapò ak plak tektonik yo. [1]

56 Idantifye pwosesis nan astenosfè Latè yo panse ki lakòz mouvman plak tektonik. [1]

Sèvi ak dyagram anba a, ki montre Latè jan yo wè li apati anwo Pòl Nò a, pou reponn kesyon 57 jiska 60 yo. Yo fonsè pati lannwit sou Latè. Yo montre Lalin nan nan wuit (8) pozisyon nan òbit li ozalantou Latè. Yo bay non chak faz Lalin nan nan chak pozisyon li ye. Yo poko fonsè pati fè nwa chak pozisyon Lalin nan.



(Li pa desine sou yon echèl)

- 57 Nan dyagram nan *ti liv repons ou a*, fonsè pati Lalin nan ki nan fè nwa pou montre faz dènye katye a jan yo wè li nan Eta New York. [1]
- 58 Eksplike ki sa ki lakòz faz Lalin yo lè yo wè li sou Latè. [1]
- 59 Ki faz Lalin ki fèt a peprè yon semèn apre faz Nouvo Lalin nan? [1]
- 60 Eksplike poukisa se menm bò Lalin nan ki toujou ap gade Latè. [1]
- 61 Konplete tablo a nan *ti liv repons ou a* pandan w ap bay koulè ak klasifikasyon zetwal *Pwosiyon B* a. Enfòmasyon pou Solèy la te konplete kòm egzanp. [1]

Sèvi ak koup transvèsal nan ti liv repons ou a ki montre yon pati kwout Latè pou reponn kesyon 62 jiska 65 yo. Lèt A jiska J reprezante yon wòch oubyen estrikti jeolojik yo. Pa gen chanjman ki fèt nan wòch yo.

62 Nan koup transvèsal nan *ti liv repons ou a*, desinen yon sèk ozalantou lèt ki reprezante wòch pi ansyen yo montre a. [1]

63 Nan menm koup transvèsal la, mete yon **X** pou montre pozisyon kote wòch mab la te fòme. [1]

64 Bay yon prèv yo montre nan koup transvèsal la ki vle fè kwè wòch D a pi jèn pase wòch F la. [1]

65 Eksplike poukisa wòch H la pa gen yon kouch ki inifòm. [1]

Pati C

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (66–84): Ekri repons ou yo nan espas yo bay nan ti liv repons ou a. Genyen kèk kesyon ki kapab mande pou sèvi ak *Tablo Referans Syans Latè* yo.

Sèvi ak kat meteyolojik nan ti liv repons ou a pou reponn kesyon 66 jiska 70 yo. Izoba yo montre presyon atmosferik yo, nan mezi miliba. Pwen *A* ak *B* yo bay pozisyon sou kat la.

66 Sou kat tanperati nan *ti liv repons ou a*, mete yon **X** nan sant rejyon jeografik ki te kapab pi posib sous mas lè mT a. [1]

67 Kalkile pant presyon an sou yon liy dwat ant pwèn *A* ak pwèn *B* sou kat la. Make repons ou yo ak inite kòrèk yo. [2]

68 Dekri prèv yo montre sou kat la ki fè wè gwo van t ap vante ant Vil Miles ak Pierre. [1]

69 Nan tablo nan *ti liv repons ou a*, ekri non vil yo yo bay anba a nan sekans sòti nan imidite relatif pi piti a pou ale nan imidite relatif pi gran an. [1]

Albuquerque

Chicago


Vil New York

70 Dekri chema sifas van an ozalantou sant sistèm presyon ba (**L**) la. [1]

Sèvi ak tèks epi kat ki bay lè nan zòn yo anba a pou reponn kesyon 71 ak 72 yo.

Fizo Orè yo

Nan lane 1883, Latè te divize an 24 fizo orè. Etazini (Alaska ak Hawaii pa ladan l) gen 4 fizo orè, yo montre ak diferan koulè sou kat la. Chak zòn santre an gwosomodo sou liy lonjitid yo ki 15°. Yo montre liy sa yo an tirè sou kat la. Pifò zòn ki nan yon fizo orè gen menm lè a. Yo rele lè sa a lè nòmal. Amezi w ap ale nan lwès, lè nan chak zòn yo gen inèd tan pi bonè pase fizo orè anvan an.



71 Lè li 1 nè dimaten nan Vil New York, ki lè li ye Denver? [1]

72 Eksplike, nan domèn wotasyon Latè, poukisa fizo orè yo gen 15 degre lonjitid ki separe yo. [1]


Sèvi ak tablo enfòmasyon anba a ki montre kantite jou ki gen tanpèt an mwayèn ki pase nan zòn tè yo nan diferan latitud chak lane, pou reponn kesyon 73 ak 74.

Tablo Enfòmasyon

Latitud	Kantite Jou an Mwayèn yon Loraj Pase sou Tè
60° N	5
45° N	14
30° N	19
15° N	30
0°(ekwatè)	56
15° S	44
30° S	21
45° S	8
60° S	0

- 73 Nan griy *ki nan ti liv repons ou*, fè desen ak yon **X**, kantite jou pa lane an mwayèn yon tanpèt pase sou yon zòn tè pou chak latitud yo montre nan tablo enfòmasyon an. Konekte sant **X** yo ak yon liy. [1]
- 74 Bay ki relasyon ki genyen ant latitud ak kantite jou an mwayèn chak lane tanpèt pase sou yon zòn tè. [1]

Sèvi ak koup transvèsal anba a, ki montre chema jeneral mouvman dlo nan sik dlo a pou reponn kesyon 75 jiska 79. Lèt X reprezante yon pwosesis sik dlo.



75 Ki pwosesis sik dlo a lèt X la reprezante? [1]

76 Dekri pwosesis kondansasyon an. [1]

77 Dekri *yon* kondisyon sou sifas ki ta kapab lakòz ranvèsman fèt. [1]

78 Eksplike *yon* wòl plant yo nan sik dlo a. [1]


79 Lè sifas lak la fè glas nan ivè, konbyen kalori chalè chak gram dlo lage? [1]

Sèvi ak tèks epi ak kat anba a pou reponn kesyon 80 jiska 84. Kat la montre yon pati nan kontinan Antatik la.

Plak Glas Antatik La

Gwosè ak fòm Plak Glas Antatik Lwès la depann sou anpil faktè, tankou lè glas fonn ak lè glas fòme anba glasyè a, kantite nèj ki tonbe, nèj van pote ale, fòmasyon gwo montay glas, ak vitès glas tonbe. Yo jwenn glasye morèn nan Executive Committee Mountains yo montre sou kat la. Morèn yo sitiye jiska 100 mètrè anlè tèt sifas plak glas ki la a, ki montre yon plak glas pi di te la 20,000 lane konsa.

Glas Antatik la gen enfliyan sou oseyan yo ak klima nan Lemonn. Menm yon ti ogmantasyon nivo lanmè a akòz glasye ki fonn ta kapab kreye yon dezaz pou prèske de bilyon moun k ap viv tou pre zòn lakòt yo.



80 Idantifye *yon* prèv yo jwenn arebò kèk montay nan Antatik la ki montre yon plak glas, santèn mètrè pi di pase plak glas ki la a, te egziste lontan. [1]

81 Ki dire ensolasyon an le 21 Desanm nan Estasyon McMurdo? [1]

- 82 Bay latitud ak lonjitud Estasyon Byrd. Repons ou dwe gen ladan l direksyon inite yo ak konpa yo. [1]
- 83 Dekri aranjman sediman yo jwenn nan yon morèn glasyal. [1]
- 84 Montre *yon* chanjman ki ta kapab lakòz gwosè Plak Glas Antatik Lwès la vin pi piti. [1]

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ANVIWONMAN FIZIK
SYANS LATÈ

Mèkredi, 23 Janvyè, 2008 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Elèv Sèks: Gason Fi Ane

Pwofesè Lekòl

Ekri repons pou Pati A ak Pati B-1 nan fèy repons sa a.

Pati A

- 1 13 25
- 2 14 26
- 3 15 27
- 4 16 28
- 5 17 29
- 6 18 30
- 7 19 31
- 8 20 32
- 9 21 33
- 10 22 34
- 11 23 35
- 12 24

Part A Score

Pati B-1

- 36 44
- 37 45
- 38 46
- 39 47
- 40 48
- 41 49
- 42 50
- 43

Part B-1 Score

Ekri repons pou Pati B-2 ak Pati C nan liv repons lan.

Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè w fin pran egzamen an.

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen repons yo ak kesyon yo ilegalman alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

